CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१७

१२ ।१ ।२०७७

भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



काठमाण्डौमे बौद्ध भिक्षुसभ मास्क लगाक सामुहिक रुपमे कोरोना प्रभावितसभके लेल प्रार्थना करैत

तस्बिर: EPA-EFE




## सामान आयात बिन्दुमे अपनाबएबला १० सुरक्षा विधि

१. सरसफाई तथा निसंक्रमण प्रमाण पत्र, स्वघोषणा फारम

२. प्रवेश बिन्दु

३. स्वास्थ्य परिक्षण

४. सरसफाई तथा निसंक्रमण प्रमाण पत्र के लेल सम्बन्धीत प्रशासन या पालिकामे सम्पर्क करब

५. सरसफाई तथा निसंक्रमण



६. होल्डिङ यार्ड

७. कागजात परिक्षण

८. नमुना संकलन आ क्वारेन्टाईन प्रकृया

९. भन्सार प्रकृया

१०. रिलिज

सामान आयात बिन्दुमा लोड हुनु अगाडी निसंक्रमण गरेर मात्रै सामान लोड गरेको प्रमाण पत्र अनिवार्य पेश गर्नु पर्नेछ । चालक र मालवस्तु लिईआउने व्यक्तिमा रोगको लक्षण नभएको यकिन गर्नुपर्ने छ र संक्रमण नभएको प्रमाण पत्र अनिवार्य रुपमा पेश गर्नु पर्नेछ ।

# हल्ला आ तथ्य



वैदेशिक रोजगारीके शिलशिलामे मृत्यु भेल कामदारके परिवार मृतकके लाशो नहि लाबए सकिरहल अछि । एहिके लेल कहएलेल कोनो निकाय नहि अछि ?

मलेसिया, खाडी, मध्यपूर्व एशिया लगाएतके मुलुकमे वैदेशिक रोजगारीके शिलशिलामे विविध कारणसँ मरल लेकिन अखनके अवस्थामे लाशके नेपाल लाबए नहिसकल मृतकके नेपालमे रहल परिवारके सदस्यसभ मृतकके नाम थर, पासपोर्ट नम्बर, मृत्यु भेल देशके नाम, मृत्यु भेल मिति आ नेपालमे सम्पर्क व्यक्तिके नाम आ फोन नम्बर सहितके विवरण नेपालसँ नि:शुल्क ११४१ या १६६००१५०००५ आ विदेशसँ स:शुल्क ९७७१५९७०००८ मे फोन कएक, ९८०१८०००१३ मे ईमो/भाइबर आ callcenter@fepb.gov.np मे इमेल कएक उपलब्ध कराबएलेल वैदेशिक रोजगार बोर्ड सूचना जारी कएने अछि ।



नियमित खोप कार्यक्रम अवरोध भेलाके कारणे बहुत ठाँममे दादुराके प्रकोप बढ्ल कहिक समाचार आबिरहल अछि । सरकार एहि विषयमे कि कएरहल अछि ?

अखुनका अवस्थामे नियमित खोप कार्यक्रममे अवरोध भेलाके कारणे बहुते ठाँममे दादुराके प्रकोप बढ्ल कहिक एहि विषयमे स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके ध्यानाकर्षण भेल अछि । एहिके लेल मन्त्रालयसँ सब स्थानीय तहके नियमित खोप सञ्चालन करए आ सञ्चालनमे आवश्यक सहयोग आ समन्वय करए एहि बैशाख १० गते पत्राचार मार्फत निर्देशन दल देलगेल अछि ।



भारतके सीमासँ सामान एनाई बन्द भगेल कहिक हल्ला अछि । कि साँच्चो के सामानके आवतजावत सेहो बन्द भेलै छैक त ?

भारतके पश्चिम बंगाल सरकार अपन सब नाकासभ बन्द कएलाके कारण २०७६ चैत्र २७ गतेसँ काकरभिट्टासँ सामानके आवाजाही के क्रम रोकाएल अछि । लेकिन, आरो नाकासँ सामानके नियमित रुपमे ढुवानी भएरहल अछि ।



स्वास्थ्यकर्मी आ सुरक्षाकर्मी बाहेकके कर्मचारीके कार्यालय जाय नहि पडतै ?

लकडाउनके अवधिभैर, स्वास्थ्य, सुरक्षा, खाद्यवस्तु, खानेपानी दुध, विद्युत, दुरसञ्चार, सूचना तथा, सञ्चार, भन्सार, क्वारेन्टाईन, गन्दगी व्यवस्थापन जेहन अत्यावश्यक सेवा बाहेक आरो कार्यालय सञ्चालनके लेल जरुरत परएबला कर्मचारीसभके मात्रे कार्यालयमे उपस्थित होबए आ आओर कर्मचारीके जरुरत परल समयमे तुरुन्त उपस्थित होबएके पड्त कहि कार्यालय प्रमुख मार्फत छु ी देबके व्यवस्था कएलगेल अछि ।

## सूचनाका स्रोतहरू

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय



accountabilitylab NEPAL

# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,५२,६६७ नेपाली | ८२,६३० नेपाली | २८,२७६ नेपाली | ४,३७,००९ नेपबाली | २३,११,०८८ नेपाली | ८,२५० नेपाली | ४,६९,१३१ नेपाली | ५३,६९१ नेपाली |
| १३,९३० संक्रमित | २,३९९ संक्रमित | २,०९८ संक्रमित | ७,७६४ संक्रमित | ८,७५६ संक्रमित | १,७१६ संक्रमित | ५,६०३ संक्रमित | १०,७०८ संक्रमित |
| ४ नेपाली संक्रमित | ५ नेपाली संक्रमित | २२ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित | १० नेपाली संक्रमित | | १ नेपाली संक्रमित | |




ShramikSanjal

## वैदेशिक रोजगारीमे रहल श्रमिकके लेल उपयोगी जानकारी



साउदी अरब, यू.ए.ई., कतार, ओमान, कुवेतमे अप्रिल २४, बहराईनमे अप्रिल २५ सँ रमादान शुरू भरहलका कारण, ओहि देशसभमे लकडाउनके समय सेहो परिवर्तन भेल अछि । एहि समयमे कतार सरकार १७ टा नेपालीके बहुतो जेलसँ रिहा कएरहल अछि त, यू.ए.ई. जम्मा २,००० सँ बेसी कैदीके रिहा कएरहल अछि लेकिन, ओतए रिहा होबएबला नेपालीके संख्या अखनतक एकिन नहि अछि ।



साउदी अरबमे मई १० सँ हरेक किराना दोकान सभमे डिजिटल पेमेन्ट लागु करए जारहल अछि ।



मलेसियामे आवागमन नियन्त्रण आदेश (Movement control order) १२ मई तकके लेल बढाओल गेल अछि । यदि एहिके पालना नहि कयलगेल त जरिवाना आ जेल सजायके कडा व्यवस्था कएने अछि । मलेसियामे संक्रमित नेपालीसभ आओर मुलुकके तुलनामे कम अछि । अखन एत ईलाज करारहल सँ ईलाज कराएक निकभेल संख्या बेसी अछि ।



यदि अपनासभ विदेशमे समस्यामे पड्लौ आ दुतावाससँ बढियासँ सम्पर्क होबए नहि सकल या समस्या समाधान होबए नहि सकल त नेपालमे रहल श्रम मन्त्रालयके कल सेन्टरमे सेहो सम्पर्क कएल जासकैत अछि । जाहिके लेल नेपाली समय अनुसार भोरमे ७ बजे सँ साँझके ९ बजे तक् ९७७-१-५९७०००८ मे फोन कल सकैत छी त ९७७९८०१८०००१३ मे भाईबर कलक सेहो अप्पन बात राख सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

सही सूचना

# जाहि गतिमे र्‍यापिड टेष्ट भरहल अछि, कि ओहिसँ लकडाउन खुलके पर्याप्त आधार तय करत ?

## कोभिड - १९ र्‍यापिड डाईग्नोष्टिक टेष्टके दर




उपरका ग्राफसँ हरेक दिन उल्लेख्य मात्रामे र्‍यापिड डाईग्नोष्टिक टेष्ट भेलाके बावजुदो दु सप्ताहसँ टेष्टके दरमे कोनो प्रगती भेल नहि देखालगेल अछि । एहिके कारण पर्याप्त मात्रामे मानविय स्रोत साधन नहिभेनाई सेहो भए सकैत अछि या कमजोर समन्वय सेहो होबए सकैत अछि । लेकिन, सामान्य रुपमे जते जल्दि टेष्ट हेतै तेतबे जल्दि लकडाउन खुलतैक कहिक बुझल जासकैत अछि । कि सरकार टेष्टके दायरा बढाबए सकत या कोभिड-१९ विरुद्ध लडए के लेल अलग्गे रणनीति बनाबए परतै ?

# $ फलो द मनी

जम्मा | खर्च

## संघिय सरकार

तीन वेर कएक नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याओल

**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा

**करिब २ अर्ब १० करोड**

कोरोना भाईरस विरुद्धके गतिविधिमे नेपाल सरकार कएने खर्च

**करिब १ अर्ब ५० करोड**

## प्रदेश २

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे हालसम्म जम्मा

**२५ करोड**

राहत तथा व्याज अनुदान कार्यक्रम

**३६ करोड**

स्थानीय तहलाई वितरण

**१७ करोड ७० लाख**

# कोरोना रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचारके आओर प्रभावकारी बनाबएके लेल प्रदेश सरकारद्वारा चलैबला १० कदम

१ सबके बुझाबए आ बुझमे सरल आ सहज भाषामे प्रोटोकल निर्माण कएनाई

२ राहत वितरणमे एकद्वार प्रणालीके प्रभावकारी रुपमे कार्यान्वयन कएनाई

३ विज्ञ कर्मचारीके महत्वपूर्ण भुमिका दलक परिचालन करएला मापदण्ड बनेनाई

४ अग्रपंक्तिमे रहिक काज कएरहल सब कर्मचारीके प्रोत्साहन सहित सुरक्षा आ सुविधा उपलब्ध करेनाई

५ जनप्रतिनिधि-जनप्रतिनिधि, जनप्रतिनिधि-सरकार आ जनप्रतिनिधि-जनताके जोड्वला कार्यक्रम अननाई

६ प्रदेश भैरके नाकाके संख्या आँकलन कए आवाजाहीके आओर कडा निगरा( नी कएनाई

७ क्वारेन्टाईनमे राखलगेल आदमीसभके निगरानी करए सम्बन्धमे प्रदेश आ स्थानीय तहके बीच प्रभावकारी समन्वय कएनाई

८ प्रभावकारी रुपमे कार्य सञ्चालन कर व्यक्तिसँ सेहो संयन्त्र चाहि तै प्रदेश सभाके सदस्यके ध्यान फिल्डेमे जाएक काज करएसँ बेसी आरो समय सापेक्ष नीति निर्माणमे केन्द्रित कएनाई

९ प्रदेश सरकार अन्तरगत कोरोना प्रतिकार्यमे भेल बजेट, खर्च तथा नीति निर्णयसभ नियमित सार्वजनिक कएनाई

१० जनचेतना फैलाब उपलब्ध माध्यमके समुचित उपयोग कएनाई

यो सामाग्री Accountability Lab ले IRI संगको सहकार्यमा कर्णाली प्रदेश सभाका सभामुख, उपसभामुख लगायत प्रदेश सांसदसंग आयोजना गरेको भिडियो कन्फरेन्समा उठेका विषयवस्तुमा आधारीत छ ।

# हमरा कोरोना भाईरसको संक्रमण देखाएत त कि करब?

## COVID-19
## हटलाईन सेवा

टोल फ्री हटलाइन
२४ घण्डाटा क्टर परामर्श
१११५ र ११३३

हिंसा र दुरुपयोगके
जानकारी
९८०११९३०८८

खाना
१०० र ११३७

### एकर परिक्षण कतए होईत अछि?

एहि रोगके परिक्षण राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला टेकुके साथे सब प्रदेशमे कए जम्मा १४ टा ठाँमसभमे कोभिड-१९ के पि.सि.आर. विधिसँ नमूना परिक्षण करबला प्रयोगशालासभ सञ्चालनमे छैक आ आ.डि.टि. प्रविधिसँ ७७ टा जिलामे एकर परिक्षण होईत अछि ।

### बिमार आदमी अपने प्रयोगशालामे जासकैत अछि कि नहि? कते शुल्क लगैछै ?

बिमार आदमी अपने प्रयोगशालामे नहि आईब सकैत अछि । एकर जाँचके लेल कोनो शुल्क नहि लगैत छैक ।

### रिपोर्ट आउन कति समय लागछ?

पि.सि.आर. विधिसँ नमूना प्रयोगशालामे पठौलाके ६ सँ ४८ घण्टामे एकर रिपोर्ट लेल जासकैत अछि त, आ.डि.टि. प्रविधिसँ १५ मिनटमे एकर रिपोर्ट बुझल जासकैत अछि ।

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities